# Лъытэнымрэ Тэрэзэмрэ

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]

Мухьэммэд аль-Тууейджри
Ибрахим и къуэ

Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# الحساب والميزان

محمد بن إبراهيم التويجري

ترجمة وتدقيق لغوي:

أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:

أبو محمد الشركسي

# Лъытэнымрэ тэрэзэмрэ

**- Лъытэныр:** Алыхьым и пащхьэм и пщыл1хэр иригъэувэу ящ1а лэжьыгъэхэр яригъэщ1эжынырщ, ит1анэ а ящ1ахэм хуэфащэр яритынырщ. Ф1ым хуэфащэм хуэдизу пщ1ым щегъэжьауэ щиблым нэсыху, абым нэхъри нэхъыбэжи. 1ейм хуэфащэм хуэдиз.

**- Тхылъхэр зэращтэнур:** Щыту хъуам я тхылъхэр иратыжынущ, абым итынущ ф1ыуи 1ейуи ящ1ар. Зыгуэрхэм я тхылъхэр ижьымк1э иратынущ, ахэр гуф1энущ. Нэгъуэщ1хэм я тхылъхэр сэмэгумк1э е ящ1ыбымк1э иратынущ, ахэр нэщхъейхэщ:

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Уэ ц1ыху! Гугъу уехьурэ уи Тхьэм и пащхьэ уихьэжынущ. Зи тхылъыр 1э ижьк1э къе1ызыхыжым и 1уэхур тынш хъунурэ гуф1эу и 1ыхьлым яхыхьэжынущ. Мыдрейуэ зи тхылъыр щ1ыбагъымк1э къызыратыжым л1эныгъэр нэхъ къищтэнт: ар маф1эм исынущ».** (Аль-Иншикъакъ: 6-12).

2 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: **«Мыдрейуэ тхылъыр зи 1э сэмэгум къы1эщ1алъхьэжынум жи1энущ: «Еуей, мы си тхылъыр къызамытыжамэ аратэкъэ! Абы итри сымыщ1амэ аратэкъэ! Еуей, хьэдэу сыкъэнэжамэ аратэкъэ!»** (Аль-Хьакъэ: 25-27).

**- Тэрэзэхэр зэрагъэувынур:**

Къемэт махуэм тэрэзэхэр ягъэувынущ псэ зы1уту хъуар ялъытэным папщ1э. Ц1ыхухэр зэк1элъхьэужьу здалъытэм ек1уэл1энущ, ит1анэ я Тхьэм я унафэр ищ1энущ, ик1и я

1уэхухэм щ1эупщ1энущ. Лъытэныр зэф1эк1а иужьк1э 1уэхухэр яшэчынущ, ар тэрэзэ пэж дыдэщ, шынакъит1ри и1эщ.

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Къемэт махуэм Дэ тэрэзэ щыпкъэхэр дгъэувынущ, зы псэми зык1и декъуэншэк1ынукъым, ар (псапэри, гуэныхьри) хьэдзэ нэхъ мыхъуми тетлъхьэнущ. Ирокъур Дэ зэрытлъытэр».** (Аль-1энбия1: 47).

2 – Ит1ани Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Абдежым зи тэрэзэр нэхъ хьэлъэм псэуп1эф1ыр къылъысыщ. Мыдрей зи тэрэзэр нэхъ псынщ1эр жэхьэнэмэм хэхуэнущ. Ар зыщыщыр пщ1эрэ? Ар маф1э гуащ1эращ».** (Аль-Къаригьэ: 6-11).

3 – Ибн Умэр, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1ащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу зэхэсхащ: «Къемэт махуэм му1миныр и Тхьэ Лъап1эу Лъагэм ек1уэл1энущ игъэпщк1уху, ит1анэ гуэныхь ищ1ахэр иригъэщ1эжынущ. Жи1энущ: «Пщ1эрэ?» Жи1энущ: «Нт1э си Тхьэ, сощ1эр». Жи1энущ: «Дунейм Сэ ахэр пхущ1эсхъумат, нобэ ахэр пхузогъэгъур». Иужьк1э псапэхэм я тхылъыр иратынущ. Ауэ джаурхэмрэ фэрыщ1хэмрэ къигъэщ1ауэ хъуам я пащхьэм еджэнухэщ жа1эу: «Мыхэращ Алыхьыр пц1ыуэ зылъытахэр». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[1].

## - Къемэт махуэм ц1ыхухэм иратыну упщ1эхэр:

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Уэ зыхыумыщ1ык1ым ухэмы1эбэ: уи тхьэк1умэри, уи нэри, уигури щыхьэту къагъэувыжынущ».** (Аль-Исра1: 36).

---

[1] Аль-Бухъари (2441), Муслим (2768).

2 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: **«А махуэм къэджэнущи къаупщ1ынущ: «Дэнэ щы1э гъусэ къысхуэфщ1у щытахэр?».** (Аль-Къэсэс: 62).

3 – Ит1ани Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«А махуэм къэджэнущи къаупщ1ынущ: «Сыт фэ л1ык1уэхэм къажеф1эжар?».** (Аль-Къэсэс: 65).

4 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Аращи уи Тхьэмк1э со1уэ, ахэм псоми саупщ1ыжынущ ящ1ахэмк1э».** (Аль-Хьиджр: 92-93).

5 – Алыхьым жи1ащ: **«Фи псалъэм фемыпц1ыж, абык1э жэуап фхьынущ».** (Аль-Исра1: 34).

6 – Ит1ани Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Ае, а Махуэм дунейм ф1ыгъуэу фи1ахэмк1и къывэупщ1ыжынущ».** (Ат-Тэкасур: 8).

7 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: **«Дэ жэуап къе1ытхынущ л1ык1уэхэми, жэуап къе1ытхынущ ахэр зыхуэдгъэк1уахэми. Дыщыгъуазэу яжет1эжынущ абыхэм (ящ1а псори), Дэ датеплъэкъук1акъым».** (Аль-1эгърaф: 6-7).

8 Абу Бэрзэ Аль-1эслэмий, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Ц1ыхум и лъакъуэхэр тек1уэтынукъым Къемэт махуэм къемыупщ1хэу и гъащ1эр зэригъэк1уам, и щ1эныгъэр зырихьэл1ам, и мылъкур къыздырихамрэ здихьамрэ, и 1эпкълъэпкъыр къызэригъэсэбэпам». Ат-Тирмизирэ Ад-Даримийрэ къа1уэтэжащ[2].

## Лъытэныр зэрек1уэк1ынур:

---

[2] Сэхьихь, Ат-Тирмизи (2417), Ад-Даримий (543).

## Къемэт махуэм ялъытэнухэм т1ууэ загуэш:

- Лъытэныгъэ псынщ1эу ялъытэнухэр[3].

Гъа1ишэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Къемэт махуэм ялъытэнур хэк1уэдак1эщ». Жыс1ащ: «Уэ Алыхьым и л1ык1уэ, Алыхьым мыпхуэдэу жи1акъэ: «1э ижьым тхылъыр зыратар лъытэныгъэ псынщ1эк1э ялъытэнущ». Жи1ащ Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын: «Аращ лъытэныгъэ псынщ1эу ялъытэнур, ауэ лъытэныгъэ егъэлеяк1э ялъытэнум Къемэт махуэм хьэзаб къытехуэнущ». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[4].

- Лъытэныгъэ егъэлеяк1э ялъытэнухэр. Ахэм ц1ык1уи ини ящ1ауэ хъуамк1э яупщ1ынухэщ. Пэжыр жи1эмэ, зэрыщытым хуэдэу ялъытэнущ, ауэ пц1ы иупсмэ е зыгуэр щ1ихъумэну пылъмэ и жьэр мыпсалъэ ящ1ынущи и 1эпкълъэпкъхэр къагъэпсэлъэнущ Алыхьым зэрыжи1ам хуэдэу: **«Нобэ я бзэр дубыдынущ, ауэ я 1эхэмрэ я лъэхэмрэ къэпсэлъэнурэ ящ1ахэм щыхьэт къытехъуэнущ».** (Ясин: 65).

## Ц1ыхухэм щыщу ялъытэнухэр:

- Къемэт махуэм ц1ыху псори ялъытэнущ бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, зи гугъу ищ1ахэм мыхъумэ. Мы 1умэтым щыщу мин блыщ1 жэнэтым ихьэнухэщ лъытэншэу ик1и тезырыншэу.

- Къемэт махуэм джаурхэр ялъытэнущи я 1уэхухэр я пащхьэм иралъхьэжынущ ягъэкъуаншэжхэу. Ахэм я хьэзабыр

---

[3] Аращ гъэрдк1э зэджэр.
[4] Аль-Бухъари (6537), Муслим (2876).

зэщхьэщок1ыр, 1ей нэхъыбэ зыщ1ам и тезырыр нэхъ хьэлъэщ 1ей нэхъ мащ1эу зыщ1ам нэхърэ, ф1ы гуэрэ зыщ1ахэми я тезырыр нэхъ хуегъэпсынщ1эр, ауэ жэнэтым иришэркъым.

- Япэрей дыдэу ялъытэнур Къемэт махуэм Мухьэммэд, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, и 1умэтыращ. Япэрейуэ Къемэт махуэм муслъымэным зэреупщ1ынухэр 1уэхугъуэхэм щыщу нэмэзыращ. Ар тэмэм хъуамэ адрей и 1уэхухэри тэмэм хъунущ, ауэ ар 1ей хъуамэ адрей и 1уэхухэри 1ей хъунущ. Япэрей дыдэу ц1ыхухэм я зэхуакум дэлъ 1уэху зи унафэ ящ1ынур лъыщ1эжыращ.

## Зэрашэчынур:

Къемэт махуэм ц1ыхухэм я 1уэху 1ейхэмрэ ф1ыхэмрэ яшэчынущ. Зи 1уэхуф1хэр нэхъ хьэлъэр ехъул1ащ, зи 1уэху 1ейхэр нэхъ хьэлъэр хэк1уэдащ. Зыщ1ари, ищ1ари, и тхылъри яшэчыр Алыхьым и захуэныгъэр къигъэлъагъуэу. Нэхъ хьэлъэ дыдэу ц1ыхум и тэрэзэм иралъхьэнур Къемэт махуэм нэмысыф1эныращ.

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«А Махуэм и тэрэзэр пэжынущ: зи псапэ нэхъ хьэлъэр ехъул1ащ, ауэ зи псапэ псынщ1эм езыхэм загъэунэхъужауэ аращ Ди аятхэм екъуэншэк1ати».** (Аль-1эгьраф: 8-9).

2 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: «Къемэт махуэм л1ы инышхуэ, пшэрышхуэм Алыхьым идеж аргъуейм и дамэм хуэдизи хъунукъым и хьэлъагъыр».

Ит1анэ жи1ащ: «Фыхуеймэ феджэ: «Дэ абыхэм хьэлъагъэ еттыжынукъым Къемэт махуэм»[5]». Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[6].

## - Джаурхэм ящ1а 1уэхухэм и унафэр Ахърэтым:

Джаурхэмрэ фэрыщ1хэмрэ я да1уэныгъэмрэ, ящ1а 1уэхухэмрэ къабыл хъунукъым, сыту жып1эмэ ахэм ар къабыл зыщ1 щытык1эр ягъэк1уэдащ, а щытык1эр иманыращ. Абыхэм я 1уэхухэр сахуэ жьыбгъэшхуэ къыщепщэм ирихьэжьэжам хуэдэщ. Ц1ыху псоми я пащхьэм жыра1энущ ахэм: «Мыхэращ я Тхьэм пц1ы тезылъхьахэр».

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Алыхьым пц1ы тезылъхьэм нэхърэ хэт нэхъ къуаншэ? Ахэр я Тхьэм и пащхьэ ирашэжынурэ щыхьэтхэм жа1энущ: «Мыхэращ я Тхьэм пц1ы тезылъхьар». Алыхьым и нэлатыр къатехуэ залымыгъэ зыщ1эхэм».** (Худ: 18).

2 – Алыхь Лъап1эм иджыри жи1ащ: **«Я Тхьэр зи ф1эщ мыхъуахэм я 1уэхухэр жьыбгъэшхуэм махуэ жьапщэ 1ейм ихьа сахуэм хуэдэщ. Ящ1ам зыри къахуихьынукъым. Арaщ щыуагъэ куур».** (Ибрахим: 18).

3 – Ит1ани Алыхь Лъап1эм жи1ащ: **«Мэлы1ычхэр щалъэгъуну махуэр гуэныхьыщ1эхэм ядежк1э гуф1эгъуэ хъунукъым, ик1и къыжра1энущ: «(Фи жэнэтыбжэр) гъэбыдащ». Дэ абыхэм 1уэху ящ1ахэр сабэу иткъухьыжынущ».** (Аль-Фуркъан: 22-23).

## 1уэхухэр къызэрагъэлъагъуэнур:

[5] Аль-Кэхф: 105.
[6]Аль-Бухъари (4729), Муслим (2785).

Ц1ыхухэм я 1уэхухэр Къемэт махуэм къагъэлъэгъуэнущ. Ц1ыху къэс я 1уэхухэр ялъагъужынущ къыпэщыту ц1ык1уми инми, дэгъуэми 1ейми Алыхь Лъап1эм абым щхьэк1э зэрыжи1ам хуэдэу: **«А Махуэм ц1ыхухэр гуп-гупу къэк1уэнущ ящ1ар ялъагъужын щхьэк1э. Сабэ налъэ хуэдиз ф1ы зыщ1ам ар илъагъужынущ, сабэ налъэ хуэдиз 1ей зыщ1ами ар илъагъужынущ».** (Аз-Зэлзэлэ: 6-8).

### 1уэху зылэжьам хуэфащэр дунейми ахърэтми:

Анас, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Алыхьым зы псапэк1и му1миным лей ирихкъым, дунейм абы хуэфащэр ирет, Ахърэтми хуэфащэ псапэр лъегъэс. Ауэ джаурым Алыхьым и ц1эк1э ф1ыуэ ищ1ахэм хуэфащэр мы дунейм иретыжри, ахърэтым щык1уэжк1э къеухри зы псапи къыхуэнэжкъым хуэфащэу». Муслим къи1уэтэжащ[7].

### Къемэт махуэм сабийхэм я унафэр:

Му1минхэм я сабийхэр жэнэтым ихьэнущ балигъхэр зэрихьэм хуэдэу я адэ 1эдэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, и сурэтым ещхьхэу. Апхуэдэщ мушрикхэм я сабийхэри. Балигъхэм къызэрашэм хуэдэуи къашэнущ. Дунейм зыгуэр къэмышэу е дэмык1уэу ехыжамэ ц1ыхухъуи ар ирехъу, ц1ыхубзи ирехъу, Ахърэтым къишэнущ е дэк1уэнущ, сыту жып1эмэ, жэнэтым къэмышэрэ дэмык1уэрэ щы1экъым.

---

[7] Муслим (2808).